



REPUBLICQUE D'HAÏTI

**MINISTÈRE DE LA SANTE PUBLIQUE
ET DE LA POPULATION**

No. **81-03-26****7655**Port-au-Prince, le **20 MARS 2026**

**NÒT OFISYÈL MINIS SANTE PIBLIK AK POPILASYON
NAN OKAZYON JOUNEN MONDYAL SANTE BOUCH AK DAN
20 MAS 2026**

Nan okazyon Jounen mondyal sante bouch ak dan, ki ap selebre vandredi 20 mas sa a sou tèm « *Yon bouch an sante ka pote kè kontan* », Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP) lanse yon apèl pou mobilizasyon nasyonal, espesyalman sou kesyon prevansyon.

Sante bouch ak dan se yon gwo defi nan zanfè lasante. Jodia nan mond nan, prèske 3.5 milya moun gen maladi bouch ak dan. An Ayiti, sitiyaasyon an bay kè sote, paske plis pase 6 timoun sou 10 gen maladi dan. Yon lòt kote tou, yon gwo pati nan popilasyon granmoun yo nan peyi a, ap viv ak maladi jansiv. Anpil fwa, kòz maladi sa yo gen rapò ak move liyèn bouch ak dan oswa difikilte pou moun gen aksè ak swen sa yo nan sistèm sante a.

Maladi bouch ak dan se yonn nan pwoblèm ki ka rann kèk maladi kwonik ki pa kontajye vin pi grav, tankou dyabèt, maladi kè, kèk maladi kansè, elatriye. Gen kèk abitud oswa sitiyaasyon ki kapab lakòz plizyè maladi sa yo devlope an menm tan; tankou manje ki gen anpil sik, fimen, ak bwè alkòl. Men, li posib pou nou evite anpil nan pwoblèm sa yo, si nou pran bon abitud ki senp tankou byen pran swen bouch ak dan nou, manje balanse ak mwens sik, epi wè dantis nou pou pi piti 2 fwa nan lane a.

Fas ak sitiyaasyon sa a, MSPP renouvle angajman l pou ranfòse tout aksyon ki ka ede diminye maladi bouch ak dan, nan tout nivo sistèm sante a. Li angaje l pou ankouraje edikasyon pou lasante, fè plis aktivite sansibilizasyon, pandan l ap travay pou bay pi bon aksè ak sèvis swen bouch ak dan, sitou pou gwoup ki pi vilnerab yo. Sou baz angajman sa a, MSPP envite tout aktè yo: pwofesyonèl lasante, patnè teknik ak finansye, sosyete sivil, ansanm ak fanmi yo, pou mete fòs yo ansanm pou fè sante bouch ak dan vinn yon priyorite nasyonal.

Ministè a ankouraje espesyalman chirijyen-dantis yo pou renouvle angajman yo nan bay bon jan sèvis laswenyay ak popilasyon an pandan y ap patisipe aktivman nan aksyon kominikasyon, edikasyon ak sansibilizasyon nan tout kominote yo, sitou kay timoun yo ak gwoup ki gen plis risk yo. Konsa, nou ka kontribye pi plis toujou nan yon chanjman dirab nan konpòtman popilasyon an, nan zafè sante bouch ak dan.

Ann mete tèt ansanm, ann aji depi kounye a pou yon bouch ak yon lavi an sante, paske « *Yon bouch an sante ka pote kè kontan* ».

